The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 19 Jehovha ndiye utiziro hwedu nesimba redu...mubatsiri anogara aripo panguva yokutambudzika -- Mapisarema 46:1 2023

Mugore Rakafa Mambo Uziah . . . (Part 2)

NaGodrey Ndiriwenyu

Verengo Kubva Mubhuku yaIsaya 6:1-5.

Mugore rakafa Mambo Uziah, ndakaona Jehovha Mwari akagara pachigaro chake chouMambo chaiva pamusoro-soro uye chiri pakakwirira. Nguo yake, nechokuzasi kwayo yainge yakazadza temberi yose. Uku maserafimu akange akamira kumusoro kwake, rimwe nerimwe rine mapapiro [matanhatu]. Rimwe nerimwe [remaserafimi aya] raive rakavhara chiso charo nemaviri, nemaviri rakavhara tsoka dzaro, uye nemaviri raibhururuka. Rimwe rakashevedzera kune rimwe richiti: "Mutsvene, Mutsvene, Mutsvene, iye Jehovha wemauto Ose ***[Lord of Hosts].*** *Nyika yose izere nokubwinya kwake." Magwatidziro eTemberi akazununguswa nokushevedzera ikoku, uye imba yakazadzwa noutsi. Ini [ndakati pfugada pasi] ndikabva ndati:* ***"Maiwe ndine nhamo ini! Ndangofanana nemunhu akafa, Nokuti ndiri munhu ane miromo isina kuchena, Uye ndinogara pakati-kati pevanhu vane miromo isina kuchena;*** *[Uyewo] nokuti maziso angu aona Mambo, iye Jehovha wemauto Ose pachake!" Rimwe remaserafimi rakabva rabhururuka richiuya kwandiri, uye muruoko rwaro maiva nezimbe rinopfuta rarakange rabvisa paAritari nembato. Rakanogumha muromo wangu rikati: "Waonaka! Iri rasha ragumha muromo wako? Mhosva yako yabviswa, Uye chivi chako chayananisirwa." Ndakabva ndanzwa inzwi raJehovha richiti: "Ndichatuma aniko, uye ndianiko achatiendera?" Ini ndikabva ndati: "Ndiri pano! Nditumei!" Iye ndokupindura achiti: "Enda kuvanhu ava unoti: Muchanzwa henyu manzwazve, asi hamuzonzwisisi; Muchaona maonazve, asi hapana kana ruzivo rwamuchawana...."*

Ukaverenga nokuverengazve uye uchinyatsotarisisa nokuteeresesa, uchaona kuti, magwaro ari pamusoro ayo akatakura zvikurusa zvakakosha. Azere uchi nemukaka. Mashoko makukutu uye akadzama! Ane udobodobo nehutapiri hweIvhangeri. Mumutauro wanhasi ndingati ini, mumavhesi iwaya **'mune nyaya.'** Mugore rakafa mambo Uziah, muporofita Isaiah anoti iye akaona Mwari. Wainzwa nyaya yacho mudikani. **"Muporofita akaona Mwari!"** Ndiye anozvipupurira iye oga pachake pavhesi yokutanga achiti; **"mugore rakafa Mambo Uziah, ndakaona Mwari, akagara pachigaro chake chouMambo chaiva pamusoro-soro uye chiri pakakwirira.** Agowedzeredzazve munhu waMwari achiti iye, **"Nguo yake, nechekuzasi kwayo yakange yakazadza temberi yose"** (vs 1). Ndapota ndapota ndinzwisiseiwo pano hama dzangu. Hapana chandiri kubvisa kana kuwedzera pazviri kutaurwa naIsaiah, ndangozvitora nekunokorawo sezvazvakanyorwa. Muporofita Isaiah anoti **iye akaona Mwari**. Mukuona Mwari muporofita anoti iye zvakare pane zvimwezve zvaakaona nokunzwa. Munzwezve achitaura muporofita waMwari Isaiah: **"Maserafi akange akamira kumusoro kwake; rimwe nerimwe riine mapapiro [matanhatu]. Rimwe nerimwe raive rakavhara chiso charo nemaviri, nemaviri rakavhara tsoka dzaro, uye nemaviri raibhururuka."** Heinoyi nyika ine maninji nezvishamiso. Hepanoi meso omuporofita azarurwa kuti aone zvakavanzika zvokumatenga. Muporofita pfee munyika yoMweya, nyika yeminana.

Pamaserafimi akaoneka naIsaiah zvanzi aive nemapapiro matanhatu (6), Rimwe **nerimwe raive rakavhara chiso charo nemaviri, nemaviri rakavhara tsoka dzaro, uye nemaviri raibhururuka.** Hechinoi chinoshamisa chokutanga chakaoneka namuporofita Isaiah, tsoka nameso zvaive zvakavharwa. Ko zvaireveiko izvi? Hameno. Zvakaitika tichazvinzwa hedu.

Mudikani wangu, teereresesa undinzwisise zvakare pano. Ndati ini hapana chandozvomora, kupfekera kana kuwedzeredza pano. Ndiri kungonokorawo sezvazvakanyorwa muShoko raMwari. Mugore rakafa mambo Uziah, muporofita Isaiah vakaona Mwari vagere pachigaro chavo chouMambo, uyezve vakaona maserafimi aive nemapapiro matanhatu (6). Chechipiri vakanzwa kuimba nekurumbidza kukurusa ***[there was a lot of praising God***].

Nanhasi Denga ndozvariri. Rizere kurumbidzwa kwaJehovha Mwari waMasimba ose. Kudenga ngirozi hadzisiri pamariro, dziri pabemberero. Hadzisiri kugaro chema-chema sedziri parufu bodo. Dziri mumapemberero pamberi pechigaro chenyasha, sedziri pamuchato. Neramangwana, nesuwo patichasiya ino nyika Denga ndozvatichiriwana riri. Kunenge kuchipembererwa! Kuno vachichema kuti varasikirwa, denga rinenge richitoimba nokupemberera nezvekunaka kwaMwari. Denga inhandare yemapemberero. Imbonzwa zvakaonekawo naJohane mumweya mubhuku yaZvakazarurwa, Chitsauko 4:9-11, "Pose panopa zvisikwa zvipenyu

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

(Kubva Papeji 1)
rukudzo neruremekedzo nekuonga kuna iye agere pachigaro choumambo, uyo anorarama nekusingaperi, vakuru vanobva vawira pasi pamberi pouya akagara pachigaro choumambo vonamata iye anorarama nekusingaperi, uye vanokanda korona dzavo pamberi pechigaro choumambo, vachiti: (Imi) Jehovha, Mwari wedu, makakodzera kugamuchira kukudzwa kwose nokuremekedzwa kwose nesimba rose, nokuti makasika zvinhu zvose, uye nekuda kwenyu zvakavapo uye zvikasikwa."

Pamavhesi anotevera, 13-14 muchitsauko chimwecho Johane anoendererazve mberi achiti, "Ndakanzwa zvisikwa zvose zviri kudenga nepanyika nepasi penyika nemugungwa, zvose zvichiti: Kurumbidzwa nekukudzwa nekubwinya kwose nemasimba ngazvive kuna iye agere pachigaro choumambo nekuGwayana nariini na. Zvisikwa zvipenyu zvina zvaizoti: 'Ameni!' uye vakuru vakawira pasi, vakanamata Mwari...."

Paunopinda muchitsauko cheshanu mubhuku rimwe chetero raZvakazarurwa ngoma ingori imwe cheteyo (vs 8-10), "Parakatora gwaro racho (achireva Gwayana), zvisikwa zvipenyu zvina nevakuru vakawira pasi pamberi peGwayana, mumwe nomumwe aine rudimbwa nendiro dzegoridhe dzakanga dzizere nerusenzi. (Rusenzi yacho inomiririra minyengetero yevatsvene.) Vanoimba rwiyo rutsva, vachiti: "Makakodzera kutora gwaro nekubvisa zvisimbiso zvaro, nekuti makaurayiwa uye neropa renyu makatengera Mwari vanhu vemadzinza ese nemitauro nemarudzi, uye makaita kuti vave umambo nevapristi kuna Mwari wedu. Ivo vachatonga semadzimambo pamusoro penyika."

Inzwazve dzimbo dzokurumbidza nemidimbwa pachigaro cheGwayana (vs 11-14). "Ndakabva ndaona ngirozi zhinji dzakanga dzakapoteredza chigaro cheumambo pamwe chete nezvisikwa zvipenyu nevakuru uye ndakanzwa manzwi adzo; ngirozi dzacho dzakange dziri makumi ezviuru akapetwa kane makumi ezviuru nezviuru zvezviuru, uye dzaishevedzera dzichiti: Gwayana iro rakaurayiwa, rakakodzera kuva nemasimba nepfuma neuchenjeri nesimba nekukudzwa nekubwinya nekurumbidzwa." Ndakanzwa zvisikwa zvese zviri kudenga nepanyika nepasi penyikae nemugungwa, zvese zvazvo, zvichiti: "Kurumbidzwa nekukudzwa nekubwinya nesimba ngazvive kuna iye agere achigaro cheumambo nekuGwayanah nariini nariini." Zvisikwa zvipenyu zvina zvaiti: "Ameni!" uye vakuru vakawira pasi, vakanamata Mwari.

Hama yangu Denga ndozvariri nanhasi. Rizere nokurumbidza Mwari. Paye patinoti "kuda kwenyu ngakuitwe pasi sokudenga," tinozodzoka torivarawozve kuti, chimwe chinhu chikuru chinodiwa naMwari kuti tichiite paino nyika chiri kuitwa kudenga kuvarumbidza. Siku nesikati tichingovarumbidza. Tichida kana tisingadi. Murima kana muchiedza Mwari ngavarumbidzwe. Zvichivava zvichitapira Jehovha ngaarumbidzwe! Mwari ndozvakatisikira izvozvo. Kuvarumbidza!

[Mubhuku yeMapisarema chitsauko 150 Davhita inoti iye, "**Rumbidzai** Jehovha…Mwari munzvimbo yake tsvene. **Murumbidzei** mumatenga anopupurira simba rake. **Murumbidzei** nekuda kwemabasa ake esimba. **Murumbidzei** nekuda kweukuru hwake husingaenzaniswi. **Murumbidzei** muchiridza hwamanda. **Murumbidzei** nechiridzwa chine tambo nerudimbwa. **Murumbidzei** netamboreni muchitamba muchitenderera. **Murumbidzei** nezviridzwa zvine tamboe nenyere. **Murumbidzei** nesimbi dzinorovaniswa dzinorira. **Murumbidzei** nesimbi dzinorovaniswa dzinorira zvine ruzha. Chinhu chese chinofema ngachirumbidze Jehovha." Rega ndidzokorodzezve manzwi amambo Dhavidha, **"Chinhu chose chinofema ngachirumbidze Jehovha…."**

Munyaya yedu yatitiri kutevera yezvakaitika mugore rakafa mambo Uziah muporofita Isaiah anoendererazve mberi achiti, mushure mokurumbidza kwemaserefimi kwakadai chiripozve chimwe chakaitika, "Magwatidziro akazununguswa nekushevedzera kwacho, uye imba yakazara neutsi." Wayiona nyaya yacho mudikani? Urikuibatanidza zvakanaka? Kana Mwari tikavarumbidza pakati pedu, vanoita kuwonyererwa nemanyawi vagoita zvishamiso neminana pakati pedu. Midhuri yeJeriko inodhirizwa nekukoromorwa, masuwo agovhurwa uye vanorwara vose vanopora. Rumbidzo inesimba…! Pane kakuzodzwa kanovapo, majoko agodamburwa kana tikavarumbidza Jehovha wehondo. **"Chinhu chose chinofema ngachirumbidze Jehovha"** anodaro mambo Davhita. Nesuwo nhasi ngatidaro…Haleleyah!

Kana Mwari varumbidzwa nemwoyo inotsva nokuda, chiripozve chikuru chinoitika mumwoyo yavatsvene. Tinozarurirwa zvakavanzika izvo zvine chokuita neumambo hwedenga, muupenyu hwedu uye nehwevamwe. Matenga nemeso edu anovhurwa, tigova sevana vaIssachar. 1 Makoronike 12:32. Inzwa mudikani muporofita achichema: "Ini ndikabva ndati: Maiwe ndine nhamo! Ndangofanana nemunhu afa, nokuti ndiri munhu ane miromo isina kuchena, uye ndinogara pakati pevanhu vane miromo isina kuchena; Nekuti maziso angu aona Mambo, iye Jehovha wemauto pachake!" Kuti unyatsozviona iwe sezvauri unofanira kutanga waona Mwari. Ukasangana naMwari chaizvo-izvo pane zvinotoitika chete. (Bvunza Enoki, Jacob, Moses, Dhavita kana Elijah, nevamwe vaporofita vose). Maonero nemanzwiro ako anoshanduka. Kuti unyatsozviziva iwe pachako sedungamunhu, tanga waona nokuziva Mwari. Matenga anozarurwa ugoshamwaridzana nengirozi. Muporofita Isaiah akazviona ane nhamo, asina kuchena uye akangofanana nemunhu akafa. Asika hazvina kungogumira ipapo. Mushure mokurewurura ikoku muporofita akawana ruregerero nesununguro, "Rimwe remaserafi acho rakabva rabhururuka richiuya kwandiri, uye muruoko rwaro maiva nezimbe rinopfuta rarakanga rabvisa paaritari nembato. Rakagumha muromo wangu rikati: Waonaka? Iri ragumha muromo wako. Mhosva yako yabviswa, Uye chivi chako chayananisirwa." Zvechokwadi Mwari ngavakudzwe…Dai

Mwari vaitawo zvimwe chetezvo muupenyu hwako neniwo nhasi. Mwari ngavazviratidze kwatiri.

Inzwa ndikudzezve mudikani wangu. Kana Mwari vakarumbidzwa, vane zvikuru zvavanoita mudzitemberi nemudzimhuri dzedu, muupenyu hwedu nehweavo vatakagarisana navo. Murumbidzo mune simba nezaruriro. Murumbidzo mune kurapwa nekusunungurwa. Murumbidzo mune kuzodzwa kwedenga. Chokwadika murumbidzo, **mupraise**. Rangarira vana vaIsiraeri paguta reJericho [Joshua 6]. Midhuri yakakoromoka masuwo akavhurwa mushure mokurumbidza. **"Chinhu chose chinofema ngachirumbidze Jehovha."**

Hausiri mwoyo nemeso chete zvakabatwa-batwa nematenga zuvaro. Muporofita haana kubuda mutemberi aona Mwari, kunzwa maserefimu achirumbidza uye kusunungurwa nekuregererwa chete, asiwo nenzeve dzakazarurirwa. Munzwe muporofita achitaura iye mbune, "Ipapo ndakabva ndanzwa inzwi raJehovha richiti: "Ndichatuma aniko, uye ndianiko achatiendera?" Ini ndikati: "Ndiri pano! Nditumei!" Iye akapindura achiti: "Enda kuvanhu ava unoti: 'Muchanzwa manzwazve, Asi hamuzonzwisisi; Muchaona maonazve, Asi hapana kana ruzivo rwamuchawana.'" Achingobuda muTemberi yaJehovha wehonda, muporofita aiva neMharidzo. Ndoozvazvinofanira kuva mudikani, nguva yose patinosangana naMwari. Tinofanira kubuda pane chatakabata. Nyaya haisiri parufu rwamambo Uziah. Nyaya iri pazvakaonekwa nokunzika!

Muporofita Isaiah Vakaona Aniko…?

Mukunopeta hurukuro yedu rega ndikukandire mubvunzo uyu hama mudikani. Wakakosha kwazvo mubvunzo iwoyu nokuti uchatisvitsa pamwongo weIvhangeri yedu **yeMharidzo Yokuya Kwake**. Mubvunzo wangu ndeunoti ko muporofita Izaya mutemberi akaona aniko? Ngatimbo munzwezve Muporofita achitaura, uye nokuzvipupurira iye ega pachake; **"…ndakaona Mwari, akagara pachigaro cheumambo chaiva pamusoro-soro uye pakakwirira."** Agoendererazve mberi achiti iye, **"Nguo yake, nechekuzasi kwayo yakange yakazadza temberi yose"** (vesi 1). Hongu muporofita anoti iye akaona Mwari. Handipokani napo, uyezve handina nharo. Asika ngatimbonzwawo aya manzwi kubva pamuromo waShe vedu Jesu Kristu, pana Johane 1:18 "Hakuna munhu akambobvira aona Mwari; asi Mwanakomana Iye Oga Mumwe akaberekwa ari mumwe oga uyo ari pachipfuva chaBaba ndiye oga **chete** akaita kuti azivikanwe."

Nerimwezve ramazuva achikurukura nevadzidzi vake, pamavhesi 6-7 yaJohane 14, Jesu akati kwavari: "Ndini nzira nechokwadi neupenyu. Hapana anouya kuna Baba asina kupfuura nepandiri. Kudai maindiziva chaizvoizvo, mungadai **muchizivawo Baba vangu** [Mwari]; **kubvira iko zvino mava kuvaziva uye makavaona.**" Mukutapirirwa nehurukuro iyi "Firipi akati kwaari: Ishe, tiratidzei Baba [Mwari], tibve tangogutsikana" [mamwe maduriro anoti **"zvigotiringana"**]. Jesu akati kwaari: **"Nenguva yose iyi yandanga ndinemi, nanhasi hausati wava kundiziva here Firipi? Munhu wose aona ini aona Baba. Zvino sei uri kuti, 'Tiratidzei Baba'?** Hautendi here kuti ndiri muna Baba uye Baba vari mandiri? Mashoko andino taura kwamuri haasi angu ndoga, asi kuti ndeaBaba vanogara mandiri, avo vanogara mandiri, ndivo vari kuita mabasa avo." Haleluyah!!

Paye muporofita anoti iye, varume **"mugore rakafa Mambo Uziah, ndakaona Mwari, akagara pachigaro cheumambo chaiva pamusoro-soro uye pakakwirira."** Asika uku Jesu vari kuti ivo "hakuna munhu akaona Mwari." Hazvidaro ere kuti muporofita Isaya munhu waakaona haasi Mwari pachake bodo. Izaya akaona Jesu Kristu, uyo ari Emmanuel, "Mwari Anesu." MuTestamenti yakare Ishe Jesu vaivemo chaizvo, asi kungoti vene vazvo havana kunge vanyatsovhurirwa nekuzvinzwisisa. Muhurukuro yavo navaJudha mubhuku yaJohane chitsauko 8, Ishe Jesu, vanoburitsa mamwe mashoko anobatabata zvikurusa. Inzwa tichitangira pavhesi 36 tichidzika, **"… kana Mwanakomana akakusunungurai, munenge masunungurwa zvechokwadi. …Ndinotaura zvinhu zvandakaona pandaiva naBaba vangu."** *Urangarire m*udikani kuti pana Johane chitsauko chokutanga Shoko rinoti, "Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga rina Mwari, uye Shoko rakange riri Mwari…Zvinhu zvose zvakavapo kubudikidza naye, uye kunze kwake hapana kunyange chinhu chimwe chete chakavapo...."

Pavhesi 39 vaJudha vakamupindura Jesu vakati: "Baba vedu ndiAbrahamu." Jesu ndokuenderera mberi achiti kwavari: "Kudai muri vana vaAbrahamu, mungadai muchiita mabasa aAbrahamu baba venyu [okutenda]. Asi zvino muri kutsvaga kundiuraya, ini munhu akakuudzai chokwadi chandakanzwa kuna Mwari. Abrahamu haana kumbodaro. Panoita sepakange pokakatirwana nokuti ivo vakuru vavaJudha vakatizve kwaari: "Hatisi vana veupombwe isu; tina Baba vamwe chete, iye Mwari." [Apa unotozvinzwa wegawo kuti ropa rakange rodziya. Hasha dzaive dzosimuka zvino.] Jesu akati kwavari: "Dai Mwari ari Baba venyu, maindida, nokuti ndakabva kuna Mwari uye ndiri pano. Handina kuzvisarudzira ndega kuuya, asi ndiye akandituma. Nei musiri kunzwisisa zvandiri kutaura? …Chokwadi, chokwadi ndinoti kwamuri, kana munhu akachengeta shoko rangu, haazombooni rufu." Pavhesi 52 VaJudha vatsamwa vakatizve kuna Jesu: "Iye zvino tava kunyatsoziva kuti une dhimoni iwe. Abrahamu akafa, uye vaprofita vakafawo, asi iwe ndopaunoti, Kana munhu akachengeta shoko rangu, haazomboraviri rufu. Vafarisi vakamubvunza vachiti, Uri mukuru here kuna baba vedu Abrahamu vakafa? Nevaprofita vakafawo. Unoda kuzviita aniko iwe? Jesu akapindurazve achiti: Kana ndikazvipa rukudzo, rukudzo rwangu harubatsiri. Baba vangu ndivo vanondikudza, ivo vamunoti ndiye Mwari wenyu. Asi hamusati mavaziva, asi ini ndinovaziva. Kudai ndati handivazivi ndinenge ndangofanana nemi, ndava murevi wenhema. Asi ini ndinovaziva uye ndiri kuchengeta shoko ravo. Abrahamu

baba venyu vakafara chaizvo vachitarisira kuona zuva rangu, uye pavakariona, vakafara zvikuru." VaJudha vakabva vati kwaari: "Iwe hausati wasvitsa makore 50 [makumi mashanu], saka uri kuti wakaona Abrahamu chirudzii?" Jesu akati kwavari: **"Chokwadi, chokwadi ndinoti kwamuri, Abrahamu asati avako, ini ndakanga ndavako."**

Heyo mhunduro yedu iya tazoiwana. Chikwereti chedu chiye chazobhadharwa. Mubvunzo wedu uye wapindurwa naiye Jesu Kristu pachake. Munhu akaonekwa namuporofita Isaya, ndeuyo aivapo Abhurahamu asati avepo. NdiJesu, mavambo nemapedzisiro, Alpha naOmega. Akaoneka namuporofita Izaya, zuva riye mugore rakafa mambo Uziah, **ndiJESU**. Ndiro Shoko rakange riripo naMwari, shoko rakange riri Mwari. Iye akatinunura kubva pasimba rerima, akatipinza muumambo hwoMwanakomana wake waanoda. Uyo watine dzikinuro maari iko kuregererwa kwezvivi. **Ndiye mufananidzo waMwari asingaoneki,** dangwe rezvisikwa zvose; Nokuti zvinhu zvose zvakasikwa naye; zviri kudenga nezviri panyika, zvinooneka nezvisingaonekwi, zvigaro zvoushe kana masimba kana vatongi kana vane samba; zvinhu zvakasikwa naye uye zvakasikirwa iye. Ndiye wokutanga, dangwe kubva kuvakafa, kuti ave wekutanga muzvinhu zvese. Nokuti Mwari akafadzwa nazvo kuti kuzara kwake kwose kugare maari [VaKorose 1:13-19].

[Tinotenda kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune chiga kana shoko rokuguma panyaya dzose dzokutenda. (2 Timoti 3:16). Zvakare tinotenda kunaMwari mumwe chete uyo anozvirakidza muutatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana uye Mwari Mweya Mutsvene (Mateo 28:19). Mupepeti].

Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo pagore zvichienderana nokupihwa kwatinenge taitwa rubatsiro naMwari uye nevanotitsigira muzvipo neminamato. Rinopihwa pachena kuna ani naani anenge arikumbira kubva kune **veGospel Revivals Inc**. avo vanotsikisazve magazine rechirungu rinonzi Herald Of His Coming. Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A. Kero yepawebsite: heraldofhiscoming.org

Mukoponori nomupepeti **weMharidzo Yokuuya Kwake:** Godfrey Ndiriwenyu. Ndapota tumirai minamato, zvikumbiro nemanzwi okutenda pakero yedu yomuZimbabwe inoti: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe.
E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com.
Nhamba dzembozharunhare ndedzinoti +263 772 929673. Landline +263 292 498041.
Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Promise Nyathi, Maxwell Matewe

Kuvimbika KwaMwari Kuna Israeri NeKereke

NaTom Simcox

…Chinosiririsa zvikurusa ndechokuti vatendi vazhinjisa *nhasi* havanyatsonzwisisa zvinodzidziswa neBhaibheri **[Shoko raMwari]** pamusoro penyika yaIsraeri. Jehovha Mwari vedu vanoda vaJudha zvikurusa, uye kubva mubhuku yavaRoma chitsauko 11:25-36 hurongwa hwokuponeswa kwava Judha haruzati rwapera. [*Nokuti handidi kuti imi hama dzangu mutadze kuziva chakavanzika chitsvene ichi, mugotanga kuzviona semakachenjera: Vamwe vaIsraeri vakagomara pfungwa kusvikira vanhu vose veMamwe Marudzi vakasarudzwa kupinda,* ***uye vaIsraeri vose vachaponeswa****. Sekunyorwa kwazvakaitwa mumagwaro kuti: "Mununuri achabva muZioni obvisa tsika dzakaipa muna Jakobho. Iyi ndiyo sungano yangu navo, pandinobvisa zvivi zvavo." Ichokwadi kuti kana tichitaura nezvemashoko akanaka [the Gospel], ivo [vaJudha] vavengi vaMwari nekuda kwenyu; asi kana tichitaura nezvekusarudza kwaMwari, ivo [maJudha] vanodiwa nokuda kwemadzitateguru avo. Nokuti Mwari haadembi zvipo zvaanenge apa uye vanhu vaanenge adana. Nokuti kungofanana nemi makanga musingateereri Mwari, mukanzwirwa tsitsi nemhosva yokusateerera kwavo, ivowo havana kuteerera zvikaita kuti imi munzwirwe tsitsi kuti naivowo vanzwirwewo tsitsi Nokuti Mwari akabvumira kuti vose vave varanda vokusateerera, kuti avanzwire tsitsi vose.]*

PavaRoma chitsauko 11 vhesi 25 mupositori Pauro anoti iye, *"Hama dzangu handidi kuti musaziva, chakavanzika ichi, kuti murege kuva nemanyawi; vaIsiraeri vakaomeswa mwoyo kusvikira* ***veDzimwe Ndudzi*** *vakakwana vapinda. Naizvozvo vaIsraeri vose vachaponeswa sezvazvakanyorwa zvichinzi paZioni pachabuda musununguri, achabvisa kusada Mwari kuna Jakobho…."*

Saizvozvowo, sokuwandisa kwoveDzimwe Ndudzi nhasi, vazhinjisa vavaJudha havanyatsobatisisawo, kuzadzikiswa kweIvhangeri yenyasha *netsitsi*. Muporofita Isaya vakafemberera karekare uko chiitiko ichochi, pachitsauko 6 vhesi 9-10 anoti Iye akandipindura achiti: *"Enda kuvanhu ava uti: 'Muchanzwa manzwazve, asi hamuzonzwisisi; Muchaona maonazve, asi hapana kana ruzivo rwamuchawana.' Ita kuti mwoyo yevanhu ava irege kuteerera… kuti nzeve dzavo dzisanzwa, uye nama maziso avo, Kuti*

maziso avo arege kuona uye nzeve dzavo dzirege kunzwa, Kuti mwoyo yavo irege kunzwisisa uye kuti varege kutendeuka vagoporeswa."

Panokuti tigotsvinyirira vaye vakapofomadzwa pamweya, vaKristu vanofanira kurega mwenje yavo ichipfuta, kuti ivo vaIsiraeri vanzwe godo [vaRoma 11:11].

Mupositori Pauro anoyambirawo vatendi vose kuti *"vasave nemanyavi mukufunganya kwavo*" [11:25]. Nemamwe manzwi, vatendi havafaniri kuzvifunganya kuti ivo varinani kune vaIsiraeri nokuda kwokuti ivo vakaponeswa. Kupofamadzwa kwechinguvana kwaIsiraeri kwakatungamirira kukuponeswa kwaMamwe Marudzi. Nerimwe ramazuva kana veDzimwe Ndudzi vakapinda vakakwana – kana Kereke YaKristu ikanyatsopinda nokukwana – Mwari vachatambanudzazve ruoko rwavo kuvasarudzwa vake vakare; uye Isiraeri achaponeswa [vhesi 26].

…Kanapo ruzhinji rwavaJudha rwatadza kwaikozvino kuremekedza Messiah wavo, Mwari anovada zvakangodaro. *"Ichokwadi kuti kana tichitaura nezvemashoko akanaka [the Gospel], ivo [vaJudha] vavengi vaMwari nekuda kwenyu; asi kana tichitaura nezvekusarudza kwaMwari, ivo [maJudha] vanodiwa nokuda kwemadzitateguru avo. Nokuti Mwari haadembi zvipo zvaanenge apa uye vanhu vaanenge adana. Nokuti kungofanana nemi makanga musingateereri Mwari, mukanzwirwa tsitsi nemhosva yokusateerera kwavo, ivowo havana kuteerera zvikaita kuti imi munzwirwe tsitsi kuti naivowo vanzwirwewo tsitsi"* [vaRoma 11:28-29].

Jehovha Mwari vakasarudza zvizukuru zwaAbhurahamu, kubudikidza nerudzi rwaJakobho [Genesisi 28:13-14; Pisarema 105:7-12], achimuvmbisa nyika yavo, mhodzi namakomborero; uye kudanwa ikoku hakudzorerwi shure **"it's irrevocable."** "…Hongu, kubvira isu tisati tazvarwa patsva nenyasha dzaMwari, taive vaya vokusateerera nevavengi vaMwari" [vaRoma 11:31-32]. *"Nokuti kana takayananiswa naMwari pataiva vavengi vake achishandisa rufu rweMwanakomana wake, tinotova nechokwadi chokuti tichaponeswa neupenyu hwake, zvatava vanhu vakayananiswa. Kwete izvozvo chete, asi tiri kufarawo muna Mwari nekunaShe wedu Jesu Kristu, uyo akaita kuti tikwanise kuyanana naMwari"* [5:10]. Pamusoro paizvozvo, rangarira, taive *"takafa mukudarika kwedu nemuzvivi zvedu"* [VaEfeso 2:1].

Asika pano kungotsoropodza vaye vasati vatambira iyi Ivhangeri, tinofanira kufara mune zvose zvakaitwa naShe uye mune zvavakativimbisa kuita. Mukukatyamadzwa, naMwari vanobwinya vanotipa zvivimbiso zvakadai, mupositori Pauro anoti iye, *"Oh, chokwadi pfuma yaMwari nouchenjeri hwake neruzivo rwake zvakadzamisisa! Chokwadi mitongo yake haigoni kuongororwa uye nzira dzake hadzigoni kunzwisiswa! Nokuti 'ndiani akasvika pakuziva pfungwa dzaJehovha,kana kuti ndiani anomupa mazano? Kana kuti, ndiani akatanga kumupa chimwe chinhu, zvekuti anofanira kuchidzorerwa?' Nokuti zvinhu zvose zvinobva kwaari uye zviripo nokuda kwake uye zvose ndezvake. Iye ngaakudzwe nekusingaperi. Ameni"* [VaRoma 11:33-36].

Mavhesi aya, anovaka chiumbwa chakaisvonaka zvikurusa chomunamato wokuvhara zvitsauko 9-11. Mwari havafi vakasiya, vana vaIsiraeri, izvo zvinofanira kutipa manyukunyuku netariro kuti nesuwo havazosiyi.Sokunyorazve kwamupositori Pauro kuvaRoma chitsauko 8, hapana, *"chichakwanisa kuti paradzanisa nerudo rwaMwari urwo rwuri muna Kristu Jesu, Ishe wedu"* [v. 39].

Dai Mwari vasina kutipa dzidziso dziri muzvitsauko 9-11, taizoona zvakatiomera zvikurusa kuva netariro kuzvivimbiso zvake. Mufungo wedu unenge uri wokuti, "Kana Mwari vakadzokera shure muzvivimbiso zvake kuna Isiraeri, ko vangatadza seiwo kudzokera shure muzvivimbiso zvavo kwatiri?" Zvitsauko izvi (vaRoma zvitsauko 9 kusvika pana 11), zvinotidzidzisa kuti Mwari vanogara vakavimbika nguva dzose. Havafi vakasiya vana vaIsiraeri, zvakare havazofi vakasiya Kereke yavo. Pahwaro hwezvitsauko izvi zvoga, tinokwanisa kuzendama nokuvimba maari zvakakwana.

– Chinyorwa ichi chakashandiswa zvinemvumo kubva muchinyorwa chinonzi, Israel My Glory, chomuna Ndira/Kukadzi mugore ra2016 neveushumiri hweThe Friends Of Israel Gospel.]

[Tinotenda kuti Jehovha Mwari havana kurasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri ndevakasarudzwa vaMwari uye ruchine chikuru chokuita muurongwa hwaMwari mukuponesa nyika. Isiraeri ndiye dangwe raMwari saka nanhasi isu savatendi tinofanira kuropafadza nokunyengeterera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo (Genesis 12:2; Pisarema 122:6).]

Urikudokwairira Here Kuonekwa KwaKristu?

NaDerek Prince

"Kubvira iye zvino, ndakachengeterwa korona yekururama, iyo Ishe, mutongi akarurama, achandipa semubayiro pazuva iroro, asi kwete ini ndega, asiwo vamwe vese vakada kuratidzwa kwake pachena" [2 Timoti 4:8].

Hezvinoi zvirakidzo zvinotsaura vaKristu vose vanodokwairira zvechokwadi kuonekazve kwaKristu:

♦ Tichaedza nepose patinogona kurarama nerugare nemunhu wose uye kuva vatsvene. *"Ivai nerugare nevanhu vese, neutsvene nokuti kana ihwo husipo hapana munhu angazoona Ishe"* [VaHeburu 12:14]. Tichiziva kuti ivo Kristu pavachaoneka, tichava savo, tichazvichenesa sezvo iye Kristu vakachena. *"Vadiwa, iye zvino tava vana vaMwari, asi zvatichazova hazvisati zvaratidzwa. Tinoziva kuti paacharatidzwa tichafanana naye, nekuti tichamuona*

sezvaari chaizvo. Iye akachena, saka munhu wese ane tariro iyi anozvichenesawo" [1 Johane 3:2-3].

♦ Tichashingairira kupedza basa redu pane ino nyika. Chose chakanaka chatinoita nhasi idungiro rakaisvonaka muchirukirwa choMwenga waKristu chicharatidzwa. *"Chokwadi, abvumirwa kupfeka nguo yejira rakanaka, inopenya, uye yakachena, nekuti jira rakanaka rinomiririra mabasa akarurama evatsvene"* [Zvakazarurwa 19:8].

♦ Ticharamba takasvinura uye tichinyengetera kuti tive nesimba rokupukunyuka kune izvo zvirikuzoitika uye kuti timire pamberi poMwanakomana woMunhu. *"Saka rambai makasvura, muchigara muchinyengetera muchiteterera kuti mugone kupukunyuka zvinhu zvose izvi zvinofanira kuitika uye kuti mukwanise kumira pamberi peMwanakomana wemunhu"* [Ruka 21:36].

♦ Ticharamba tichifunganya uye nokutaririra kuvapo kwezuva guru raMwari uye tichikwichidzira kuuya kwaro. *"...Pamuri kumirira uye kuramba muchifunga nezvekuvapo kwezuva raJehovha, iro richaparadza matenga nemoto, zvinhu zviri mumatenga nepanyika zvichinyungudutswa nekupisa kwacho kukuru!"* [2 Petro 3:12]. Saizvozvowo tichazvipira kukuparidzira iVhangeri youMambo kunyika dzose. *"Uye aya mashoko akanaka eUmambo achaparidzirwa munyika dzose kuti ave uchapupu kumarudzi ose, mugumo wozosvika..."* [Mateo 24:14].

♦ Tichavhurira dzaShe wedu nokunyaradza vaJudha, tichivagadzirira vatambire Mesiya wavo. *"Nyaradzai, nyaradzai vanhu vangu, ndizvo zvinotaura Mwari wenyu. Taurai neunyoro kuJerusarema, Danai kwariri uye rizivisei kuti basa raro rekumanikidzwa rapera, Kuti mhosva yaro yaripwa. Rawana zvakanyatsoenzana nezvivi zvaro zvose Kubv a muruoko rwaJehovha. Inzwi reari kushevedzera murenje riri kuti: Vhurai nzira yaJehovha! Gadzirirai Mwari wedu mugwagwa wakati twasu unopfuura nomugwenga"* [Isaya 40:1-3].

[Tinotenda munaIshe Jesu Kristu, kuzvarwa kwake nemhandara Mariya, hupenyu hwake husina chivi, muzvishamiso neminana yavo, mukuponeswa kunobva murufu rwavo, kubudikidza neropa ravo pamuchinjikwa, kumuka kwavo kubva kuvakafa, nokukwira kwavo vachinogara kurudyi rwechigaro chaBaba uye mukudzoka kwavozve musimba nokubwinya. Zvakare tinotenda kuti Jesu, ndiye Kristu, mwanakomana waMwari mupenyu, zvakare ndiye Mesiya, mambo waIsiraeri, worudzi rwaJudha, achatonga kusvika nokusingaperi.]

ZVATINOTENDA SEMHARIDZO YOUKUUYA KWAKE

1. Tinotenda kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune chiga kana shoko rokuguma panyaya dzose dzokutenda. (2 Timoti 3:16).

2. Tinotenda kunaMwari mumwe chete uyo anozvirakidza muutatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana uye Mwari Mweya Mutsvene (Mateo 28:19).

3. Tinotenda munaIshe Jesu Kristu, kuzvarwa kwavo nemhandara Mariya, hupenyu hwavo husina chivi, muzvishamiso neminana yavo, mukuponeswa kunobva murufu rwavo, Kubudikidza neropa ravo, kumuka kwavo kubve kuvakafa, nokukwira kwavo vachinogara kurudyi rwechigaro chaBaba uye mukudzoka kwavozve musimba nokubwinya.

4. Tinotenda kuti, kuti pave noruponeso kuvakarasika, kuzvarwa patsva noMweya kunofanira uye kwakakosha zvikuru (Johani 3:3-7; 1 VaKorinde 12:3).

5. Tinotenda muushumiri hwaMweya Mutsvene nhasi, uyo anozadza nokukwanisira muKristu kuti ararame upenyu hutsvene nokufadza Mwari (VaGaratia 2:20).

6. Tinotenda mukumuka kwovakafa, vakarasika vanomukira mukuraswa, vatsvene vachimukirawo kuupenyu husingaperi (Ruka 21:27; Mabasa 1:1-11).

7. Tinotenda mukuwadzana pamweya kwevatendi vose munaKristu Jesu (Johani 13:34).

8. Tinotenda kuti Mwari havana kurasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri ndevakasarudzwa vaMwari uye ruchine chikuru chokuita muurongwa hwaMwari mukuponesa nyika, saka nanhasi isu tinofanira kuropafadza nokunyengeterera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo (Genesis 12:2; Pisarema 122:6

Chinangwa Chedu Ndecheyi?

1. Chinangwa chikuru che **Mharidzo Yokuuya Kwake** ndechokurumbidza Mwari kuburikidza nemutsurudzo pamweya, pakati pevanhu vaMwari, iyo inozoonekera nokumukawo pamweya kwevakarasika. Mharidzo yedu ndeiyi: *"Ino yave nguva yokutsvaga uso hwaMwari nokururama kwake, kusvikira auya kuzonayisa utzvene hwake pamusoro pedu"* [Hosea 10:12].

2. **Mharidzo Yokuuya Kwake**, inopazve mukana kuinzwi rechiporofita, rakafanira nguva yatiri, iro rinodandzira kuvanhu vaMwari kuti vadzokere mukuzvininipisa kunaMwari; *"Tsvakai Jehovha achawanikwa, danai kwaari achiri pedyo. Tarirai kuna Jehovha nokusimba rake, tsvakai chiso chake nguva dzose"* [Isaya 55:66; maPisarema 105:4].

3. **Mharidzo Yokuuya Kwake** inonyengeterera nokushuwira zvikurusa kudururwa kwamafashamo oMweya Mutsvene "pamusoro panyama yose" naizvozvo inokurudzira Sungano nekuwadzana kwavatsvene vaMwari mukunyengeterera iyi mutsiridzo. *"Kana vanhu vangu, vanodanwa nezita rangu, vakazvininipisa, vakanamata, vakatsvaga chiso changu, uye vakatendeuka kubva panzira dzovo dzakaipa, ipapo ndichavanzwa kubva kudenga, ndicharegerera zvivi zvavo uye ndicharapa nokuporesa nyika yavo"* [2 Makoronike 7:14].

4. **Mharidzo Yokuuya Kwake** haina Kereke kana sangano rayakarerekera, naizvozvo inophiwa kuna ani naani anenge akumbira, uye inotambirawo rubatsiro kubva kuna ani naani anenge adavira kukufemera kwaMwari *"Uyo anopa, achabudirira; uye uyo anomutsiridza vamwe achamutsiridzwawo"* [Zvirevo 11:25].

5. **Mharidzo Yokuuya Kwake** inonyengeterera nokukurudzira hupenyu hutsvene mukurarama kwevana vaMwari, kuvimbika munazvose, kuzvininipisa panaMwari uye kushingairira muushumiri hweiivhangeri yomuchinjkwa. *"Asi saiye akakudanai ari mutsvene, ivai vatsvene pane zvamunoita zvose; nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Ivai vatsvene, nokut: ini ndiri mutsvene"* [1 Petro 1:16].

Zviratidzo Zvokudzokazve Kwalshe Wedu

NaDavid Reagan

[Bembera Kubva Kumupepeti: Mhururu nemiridzo hama dzangu kumunyori wechino chinyorwa Doctor David R. Reagan! Maoko edu kwamuri Doctor. Muchinyorwa chino Dr. vanoratidza huhombe hwavo uye neunyanzvi hwamandorokwati pamusoro peizvo zvatinofanira kuziva maererano nemazuva ano okupedzisira. Apa mwanakomana womuchena aratidza hake unyanzvi hwamandiriri mukuchenjedza vatsvene mafambiro avofanira kuita. Ndingati ini afemerwa nokuzodzwa kutizarurira chokwadi-kwadi chinosunungura upenyu hwedu. Ko nhai imi, mwoyo yenyu yanga isingatsvi here mukati menyu apo anga achidurura zvakazarurwa zvedenga uku achitipa mukaka neuchi kubva muMagwaro matsvene. Seni apa ndabaiwa naro Shoko kuti dyuu dyuu! Ndapota chinyorwa ichi musachirasa, chichengetedzei uye kana zvichibvira chishandisei nguva dzose mukudzidzisa vatendi pamusoro pezviri kuuya munguva iri kutevera. Vazhinji varikurasika uye vari kuramba vachirasika nokurasiswa. Naizvozvo vanoda zvidzidzo zvakaita sezvizvii kuti vadzokere mugwara. Sokutaura kwamambo wedu Jesu Kristu regai neniwo nditi Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kumaKereke.]

Kuna VaHebheru 10:25 tinoudziwa kunzi tinofanira *"kukurudzirana, zvikuru sei sezvo nguva yoswedera."* Nyaya huru iri mudariro ndeye kudzokazve rwepiri kwaShe wedu Jesu Kristu. Chinyorwa ichi chinoburitsa pachena kuti tinokwanisa kuziva mwaka wokudzoka kwaShe Jesu Kristu – kuti pane zvinobatika zvichaoneka kutichenjedzera kuchimbidzika kwokudzokazve kwaShe wedu Jesu. Ko zvinhu izvi ndezvipiko? Zviratidzo zvipiko zvatinoudziwa neBhaibheri kuti tizvitarisire?

Pane zvirakidzo zvakawanda uye nenzira dzakawanda dzeizvi zvirakidzo [zvokudzoka kwake rwepiri]. Zvakare zvirakidzo izvi zvakawandisa kwazvo zvokuti zvimwe zvacho hatinga goni kuzvibatisisa zvose. Zvinodzoka zvotishamisa [nokuti katyamadza]. Chakanaka chandawana chatingaita kuzviunganidza muzvikwata zvikwata pasi pemisoro yakati tandamukei. Ngatimbozvitarira mumarongero iwayo.

Zvinongedzo Zvemamiriro Ezvakakomberedza

"Kuchava nokudengenyeka kwenyika kukurusa, nzara nehosha kunzvimbo dzakasiyana siyana. Kuchava nezviratidzo pazuva, pamwedzi nepanyenyedzi. Panyika, ndudzi dzichatambudzika uye dzichakanganiswa nokutinhira uye namsaisai egungwa…" (Ruka 21:11).

Chikamu ichi chezvirakidzo chagara chisinganyatso remekedzwa, kana ipo pakati paivo vatendi. Kakungodoma chete zvirakidzo izvi, kunosimudza kakufinyama nemahonyera anoperekedzwa nemashoko okuti, "O hepano hapana

zvitsva apa. Inga kwagara kwanga kune kudengenyeka kwenyika nezvamupupuri wani." Asika muono uyu unokoshiwa kuti Jesu vakati ivo aya anenge ari mavambo emarwadza (Mateo 24:8). Zvinoreva izvo kuti marwadzo anenge achiwedzerera patinenge tichswedera kukuuya kwaKristu. Namamwe manzwi kuchava nouwandu hwakawedzera kwamarwadzo. Izvi ndizvo zviri kuitika mazvirokwazvo.

Zvinongedzo Mudzinharaunda Dzatogara

Jesu vakati vachadzokazve rwepiri apo nyika inenge yafanana *"namazuva aNoah"* (Mateo 24:37). Magwaro Matsvene Akare anotiudza kuti nguva yaNoah yaive nouipi, mhirizhonga uye kurwisana nemhaka yokuti mafungiro omunhu aive akango tairisira pachivi.

VaRoma 1:18-32 inopawo tsananguro inotswinya [pamwoyo] yenyika yaive yotuhwina mukusarurama. Muchinyorwa chimwe chetecho Mupositori Pauro anoti iye chikonzero chematambudziko ose iwaya kwaive kurambwa kwaMwari nevanhu. *"Vakatsinhanisa zvokwadi yaMwari nenhema vakanamata uye nekushumira zvisikwa panzvimbo yoMusiki iye onokudzwa nokusingaperiperi…"* (1:25). Namamwe manzwi vanoisa kutenda kwavo pamunhu, vanokotamira kune zvoumunhu, chinova chitendero chaSatani (Satanism).

Mupositori Pauro anoti iye nemhaka yokuti vanhu vakafuratira Mwari, navowo Mwari vanoregedzera kuipa uye *"Mwari akavaisa kuzvishuwo zvakaipa zvemwoyo yavo, zvokuzvisvibisa noupombwe kuti vazvidze miviri yavo pakati pavo"* (1:24). Mubairo wakave mukondomberamukuru woupombwe, ufeve [pamwe] noupfambi.

[Vanhu] Pavakaramba vachinamata zvidhori uye nokusazvibata, Mwari vakabvisa ruoko rwavo rwedziviriro pakazvakaipa uye *"Mwari akavaisa kukuchiva kwavo kunonyadzisa"* (1:26). Mubairo wakave chirwere choungochani [murume anochiva mumwe murume kana mukadzi anochiva mumwewo mukadzi], izvo zvakanokonzeresa zvirwere zvikuru zvinotyisa nemhaka yokuti varume *"vakasiya zvavakasikirwa paukama hwavo nevakadzi uye vakatsva noruchiva mumwe kunomumwe murume"* (1:27).

Hungochani pahwakaramba huchipfukuta mweya yevahu nyika yakanonyura mumadhaka ohuipi hukurusa. Vanhu vakazadziwa nekuchiva, godo, humbavha, kuzvikudza, misikanzwa uye nokunyengetera zvidhori. Izvi zvakaonekwa nokukura kwezviito zvisina kururama (1:28-31).

Mutsamba yake yepiri kuna 2Timoti chitsauko 3:1-5 Pauro anotaura somuporofita, achishandisa manzwi akafanana nookuvaRoma, achitiudza kuti nyika kumapedzisiro inenge yakamira sei. Mumashoko mamwe chetewo anotsigirira kumashoko aKristu okuti [Kristu] paanodzoka nyika inenge yadzokerazve kumazuva aNoah.

Pauro agoti iye nyika yokumapedzisiro ichava nokutambudzika kukurusa pamweya. Ichava nyika apo vanhu vachadisisa zvinhu izvi zvitatu: Kuzvida pachavo, Kuda mari, uye nokuvavarira kuzvifadza. *"Asi uzive chinhu ichi: Kuchava nenguva dzokutambudzika pamuzuva okupedzisira. Vanhu vachava vanozvida, vanoda mari, vanokuzvirumbidza, vanozvikudza, vanotuka, vasingateereri vabereki, vasingatendi, vasina utsvene, vasina rudo, vasingaregereri, vanochera vamwe, vasingazvidzori, vane utsinye, vasingadi zvinhu zvakanaka, vanomukira, vanoita manyawi, vanonyengera, vanoda kuzvifadza nezvenyika kupfuura Mwari; vanomufananidzo bedzi wokunamata, si vachiramba simba racho. Siyana navanhu ivavo"* (2 Timoti 3:1-4). Chiri kunongedzerwa naPauro pano chitendero, huchimwari uye nemararamiro enyika pokupedzisira.

Chitendero chinenge chafanana nechomunguva yaNoah. Kunenge kwave kunamatwa Humunhu [Humanism], uye pave nokuzvida. Kana chitendero chikava choHumunhu, chinamato chinenge chave chokuzviunganidzira upfumi, kukura Mari. Kana kuzviunganidzira upfumi kukatonga, hana dzavanhu mararamiro anoshanduka kuva akan'ora, nokudazvifadza.

Mhando nhatu idzi dzokuda zvakaipa, kuzvida, kuda mari uye kuzvifadza zvinoumba pamwe chete chitendero chinonzi nechirungu nihilism. Uyu mubairo weizvo zvatinodyara [pamweya]. Shoko rinoti tinopupura zvitinodyara (VaGaratia 6:7), nokuti pupuro yehumunhu, kuzviunganidzira nekun'ora ndiyo nihilism – kupupura mhepo.

Pauro anotsanangura mubairo uyu nenzira inokatyamadza zvikuru, *"Vanhu vachava vanozvida, vanoda mari, vanokuzvirumbidza, vanozvikudza, vanotuka, vasingateereri vabereki, vasingatendi, vasina utsvene, vasina rudo, vasingaregereri, vanochera vamwe, vasingazvidzori, vane utsinye, vasingadi zvinhu zvakanaka, vanomukira, vanoita manyawi, vanonyengera, vanoda kuzvifadza nezvenyika kupfuura Mwari"* (2Timoti 3:2-4).

Urikuzvinzwa here nhai mudikani? Kuti zvinoita sokunge uri kuverenga bephanhau ranhasi chaiye nhai?

Tinozviidza isu nyika yavaKristu, (apa munyori akanyora akanangana nenyika yeUnited States of America) asi chinotonga mukati medu chaizvo-izvo chitendero choHumunhu [Humanism]. Mapariyamende edu, matare edu edzimhosva, vatungamiri, vamirriri vedu uye nezvikoro zvedu zvave kutongwa nevanhu vana Humunhu [Humanists].

Tave nyika yakazara vanhu vokuzviunganidzira vanonamata goridhe nendarama. Kukara ndiwo manyukunyuku, ezvose zvatinoita kungave kushanda, kutonga, kunamata, uye nemitambo. Tsumo ingori pamuromo yedu ndeyokuti. "Kana ukanzwa zvichiita, ita."

Iko zvino tave kupupura zvatakadyara. Nyika yedu yave chamunyurududu muupfambi, kudhakwa, muzvinodhaka uyemvongamvonga nokuda kwokutsvaka kwedu zvinofadza mweya yedu. Uporofita huri kuzadzikiswa pamberi pedu – uye Jesu varikudzokazve nokuchimbidza.

Zvinongedzo Pamweya

Pane zviratidzo pamweya zvatingatarira zvimwe zvakanaka, zvimwewo ndozvakaipa.

Pamusoro pezvakaipa, tsigiro inobva pazvinyorwa izvi zvinotevera, anobva pana 2Timoti wechipiri chitsauko 4:3-4, *"Ndinokuraira pamberi paMwari naKristu Jesu, uyo achatonga vapenyu nevakafa uye pamusoro poluonekwa kwake…Nokuti nguva ichasvika apo vanhu vacharamba kuteerera dzidziso dzakarurama. Asi vachida zvinovafadza ivo, vachizviunganidzira vadzidzisi vazhinji kuti vadzidzise zvinodiwa nenzeve dzavo. Vachafuratidza nzeve dzavo kuchokwadi uye vachatsaukira kungano. Asi iwe usvinure pazvinhu izvi…."*

Zvimwezve zvirakidzo zvokudzokera shure pamweya izvo zvakaporofitwa zvinosanganisira izvi zvinotevera, vakristu venhema, kunamata wakaipa, kuzvitsaura, dzidziso dzenhema, kufungidzirana nokunyengera, nekushungurudzwa. Chimwe chete chakaramba chichidzokorodzwa naIshe Jesu vaporofita venhema nezvikwata zvavo zvezvitendero zvinengozi (Mateo 24:5, 11, 24). Mukuzadzikiswa kwezviporofita zvose izvi tose tiri kungozvionawo kuti *zvitendero izvi nhasi* zvave rufaya, mavhu nemarara.

Zvichakangodaro, maKereke aye okutangisisa nawo ave kubhukuchawo mudzidziso dzokunyengera nokurasika pamagwaro. Kereke mazhinji akare vanamutangakugare orasa simba reShoko raMwari. Mamwe akatoramba Ivhangeri yakare yomuchinjikwa vachigamuchira yanhasi inovimbisa upfumi neutano uye simba. Makereke mazhinji orasa kuparidzwa kweivhangeri yeBhaibheri vachinoparidzira kuembedzerwa kwomweya kutira kuti vasagumbure vamwe vanhu, asi zviri pachena kuti murudo tinofanira kunongedzera vanhu zvivi zvavo tichiva nongedzera kukutenda kuna Jesu Kristu anova ndiye tariro yedu. Uye vanofanira kudzidziswa kuti vaere zvinhu zvose maringe neshoko raMwari sezvaiitwa nevepaBeria mudzidziso dzavapositora.

MaKristu ezvokwadi – avo anorarama zvavanotenda, vachitsoropodza kushaikwa kwoumwari, vachimira mukururama – vari kushungurudzwa zvikuru. Kodzero dzavo dziri kurambwa muzvikoro. Vari kusarurwa kumabasa kwavo, zvichida mukutsvaga mabasa kana kusimudzirwa. Varikumhurwa nevedzinhefenyuro kana vemapepanhau.

Satani arikudzova zvinehasha hurusa. Anoziva chiporofita cheBhaibheri, zvakare anoziva kuti nguva yake yave shomana. Ari kutsatsabvura Kereke nehasha hurusa. Ozviyanika pachena kubudikidza nezvinamato **zvesatanism** [kunamata Satani pachake]. Chinamato cheSatanism nachawo chiratidzo chokurasika kukurusa. Dzidziso dzeSatanism dzozara kwosakwose muzvinyorwa, mumifananidzo, muzvirongwa zvemaonakure pamaterevhizhoni uye nemudzimbo. Vazhinji varikutekenyedzwa nokuyemura kuzvekuuka, zvouun'anga, kutaura nevakafa nemamwewo maamatiro okurasika.

Ndambokuyambirai nezviratidzo zvedzorera shure izvi ndichikomekedzesa kuti ichi chiratidzo chenyika yave kurwarisissa pamweya. Ngatitarirei rimwe divi reizvo zvakanaka zviri kuitika muzvomweya.

Chokutanga, ndechokuparidzwa kweIvhangeri mupasi rose. Izvi zviri kuzadzikiswa nhasi kubudikidza nemichina yemazuva ano yakaita semaradhio, maonakure uye namacomputers. Nokuda kworuzivo namacomputers, Shoko rave kushandururirwa mundimi dzakawanda zvikurusa. Chimwezve chinofadza inzwisiso pachiporofita cheBhaibheri. Zviporofita zvizhinji zvenguva yokupedzisira hazvina kunzwisisika navanhu kusanganisira naivo vaporofita. Muenzaniso mukuru ndowamuporofita Dhanieri. Kana naye akatokatyamadzwawo nezviporofita zvenguva yokupedzisira zvaakaoneswa. Paakatsvagisisa pamusoro pazvo Mwari vakamuyambira kuti asafunganye pamusoro pazvo, *"Asi iwe, Dhanieri, vhara uye uname mashoko orugwaro urwu kusvikira pamazuva okuedzisira. Vazhinji vachaenda kwose kuti vawedzere zivo..."* (Dhanieri 12:4, 9).

Apo toswedera zvishoma nezvishoma kuzuva rokudzokazve kwaIshe wedu, tave kunzwisisa zvakakwana chiporofita ichi chiri muShoko raMwari. Kumwe kunzwisisisa kuri kukonzerwa nezvatiri kuona zvichiitika pasi rose nhasi, kufanana nokuvapo kwenyika yeIsiraeri. Asika kumwewo kunzwisisisa kuri kukonzerwa nekuvhuririrwa kuri kuitwa naMweya Mutsvene – kwete kuvhuririwa pazvitsva asi munyasha tiri kuvhurirwa pane izvo zvanga zvagara zvirimo muShoko raMwari. Kudururwa kukuru kwoMweya Mutsvene kwokuguma sokuporofitwa kwamuporofita Jowero makare kare nakwowo kwatotanga. Muporofita Jowero anoti iyi imvura *"yokupedzisira mukururama"* uye agoti zvakare izvi zvichaitika mushure mokunge vaJudha vadzokera munyika yavo. Nyika yeIsiraeri yakavapo mugore ra1948. Kubva panguva iyoyo Mwari vakazodza ushumiri huzhinji namamwe masangano izvo zvakakonzera kuti kuve kwokunyengetera uye kuchipawo mukana wokufambira mberi kwezvipo zvoMweya Mutsvene.

Zviratidzwa Kuzvematongerwo Enyika [Politics]

"Muchanzwa nezvehondo uye neguhwa rehondo asi chenjererai kuti murege kuvhundutswa. Zvinhu zvakadaro zvinofanira kuitika asi kuguma kunenge kusati kwasvika. Nokuti rudzi ruchamukira rumwe rudzi noumambo huchamukira humwe humambo. Kuchava nokudengenyeke kwenyika munzvimbo dzakasiyana-siyana. Asi zvose izvi mavambo okurwadziwa kwokubereka" (Mateo 24:6-8).

Ndakambova mudzidzisi wezvematongerwo enyika ndisati ndapinda mubasa reushumiri, saka iyi indima inonditekenyedza zvikurusa. Zviporofita zveShoko zvinoburitsa pachena nezvichavapo pasi rose maringe nezvamatongerwo enyika [Geopolitics]. Muchiporofita nyika yeIsiraeri inoonekwa ichivapo yakazvimiririra yoga (Ezekia 37:21-22), asiwo yakatendenedzwa nevavakidzani vanovavarira kuiputsira pasi (Ezekia 35:1-36:7). Ichi ndicho chimiro chakavapo munzvimbo yeMiddle East kubvira pakapiwa Isiraeri kuzvitonga kwayo kuzere muna May wegore ra1948.

Muvengi mukuru anodomwa kuti achanetsa Isiraeri zvikuru, inyika inesimba gurusa iri nechokuchamhembe [north]

kweIsiraeri (Ezekia 38:6). Matsanangurirwe anoitwa nyika iyi muchitsauko 38 anoita sokuti nyika iyi ndeyeRussia. Mubatanidzwa wenyika dzemuEurope nawo wakaporofitwawo pana (Dhanieri 7:7-8, 24).

Nyika zhinji dzichazivikanwa nehondo uye neguhu rehondo (Mateo 24:6). Nyika zhinji dzichashungurudzwa nokusanzwisisana muzvematongerwo enyika izvo zvichatungamiriririrawo mukumukirana kwemadzimambo. Kusarurama kuchawanikwa kwose kwose (Mateo 24:12) izvo zviri kusadzikiswa nekumuka kwougandanga mazuva ano. Chokwadi zvave pachena kuti tiri kurarama munyika apo zvinhu zvose zvokupedzisira zvava kusangana pamwe chete sokutaura kweShoko.

Chiratidzo Chenyika YeIsiraeri

"Ndichaita kuti Jerusarema rive mukombe unodzedzeresa ndudzi dzos dzavanhu vakapotererdza. Judha achakombwa pamwe chete neJerusarema. Pazuva iro, ndudzi dzose dzenyika padzichaungana kuti ririrwise ndichaita kuti Jerusarema rive ibwe risingazungunuswi kundudzi dzose. Vose vachaedza kurizungunusa vachazvikuvadza" (Zekaria 12:3).

Zviratidzo zvine chekuita nenyika yeIsiraeri ndizvo zvakakosha kukuru nemhaka yokuti vaJudha ndiwo chiringiriro chouporofita hwaMwari. Zvandinoreva pano ndezvizvi; Magwaro nguva zhinji anobatanidzira chiporofita chemberi nechimwe chiitiko chonibata kuvaJudha. Tinoudzwa kuti titarire kuvaJudha uyezve kuti kana chakaporofitwa chiya choitika pamusoro pavo, tinova nechokwadi kuti zviyawo zvalaporofitwa zvava kuzoitika.

Mufananidzo mukuru tinouwana mubhuku yaRuka chitsauko 21:24 apo Jesu vanoporofitawo kuti vaJudha vaizoparadzirwa ubva muguta reJerusarema. Aska Jesu anowedzera achiti iye nerimwe zuva vachazodzoka vagotora guta reJerusarema, uye vakati kana zvose izvi zvoitika, zviratidzo zvokupedzisira izvi zvinenge zvononGedzera kukudzoka kwake rwepiri. *"Kuchava nenhamo huru munyika, nokutsamwa pamusoro porudzi urwu. [VaJudha] Vachaurawa nemunondo uye vachaitwa vasungwa kundudzi dzose. Jerusarema richatsikwa navaHedheni kusvikra nguva dzavaHedheni dzazadziswa."*

Pane zviporofita pamusoro pavaJudha zvomunguva yokupedzisira zvave kuzadzikiswa iko zvino; asika pane zvimwe zvina zvakakosha zvikuru. Chokutanga ndechokudzoka kwavo asi vasingatendi: (Isaya 11:11-12) *"Pazuva iro Jehovha achatambanudza ruoko rwake kechipiri kuti adzorezve vakasara ivo vanhu vake vasiiwa kubva kuAsiria, kubva zasi kweIjipita, nokubva kumusoro kweIjipita nokubva kuEtiopia, nokubva kuEramu, nokbva kuBhabhironi, nokuHamati uye nokubva kuzviwi zvegungwa. Achasimudzira marudzi mureza uye achaunganidza vakadzingwa vaIsiraeri; achaunganidza vakaparadzirwa vavanhu veJudha, kubva kumativi mana enyika."* Mugore ra 1900munyika yePalestine maive navaJudha vanosvika 40,000 (zviuru makumi mana). Pakazonopera Hondo Yepiri Yepasi Rose [Second World World] vaJudha vakange vave 800,000. Kutaura kuno aJudha vanobva kunyika dzakasiyana – siyana vave nechiverengero chinosvika 5.8 mirioni.

Muporofita Jeremiah vanotaura kaviri vachiti kana rungano rwave kunopetwa, vaJudha vacharangarira vagobvuma kuti kuunganidzwa kwavozve kwakave chishamiso chikuru kupfuura kubuda kwavo muuranda hweIjipita. *"Kunyange zvakadaro mazuva anouya ndizvo zvinotaura Jehovha, avasingazotizve 'NaJehovha mupenyu akaburitsa vaIsiraeri muIjipita', asi vachati 'NaJehovha mupenyu iye akabudisa vaIsiraeri kubva kunyika yokumusoro uye nokubva kunyika dzose dzaakanga avadzingira. Nokuti ndichavadzorera kunyika yandakapa madzitateguru avo'"* (Jeremia 16:14-15). Chokwadi tave kurarama munguva inotekenyedza zvikuru.

Chechipiri chikurusa ndeizvo zvakaitika ndechokukudzorerwazve munyika yokwavo. Kudzorerwazve kwavo kwakaitika musi wa14 May mugore ra 1948 (Isaya 66:7-8). *"Asati arwadziwa nemimba anosununguka; kurwadza kusati kwauya pamusoro pake anosununguka mwanakomana. Ndiani akambonzwa chinhu chakadai? Ndiani akamboona chinhu chakadai? Ko nyika ingazvarwa pazuva rimwe chete here? Kana rudzi rungazwara pakarepo here? Kunyange zvakadaro, Zioni rakangoti kurwadziwa, pakarepo ndokubereka vana varo."*

Maringe nokuvapo kwenyika yeIsiraeri, Jesu vakaudza vadzidzi vavo kuti vadzidze kubva "pamuti womuonde," nemhaka yokuti paunenge wopfava matavi awo uye mashizha awo otunga zvose zvakaporofitwa zvenguva yokuguma zvinenge zvava pedyo kuzadzikiswa (Mateo 24:32-34). *"Zvino dzidzai chidzidzo ichi kubva pamuonde: Panopfava matavi awo uye mashizha awo otungira, munoziva kuti zhizha rava pedyo. Saizvozvowo, nemiwo pamunoona zvinhu zvose izvi* [kusanganisira zvose zvatadoma pamusoro] *muzive kuti nguva yangu yave pedyo, yava pamusiwo. Ndinokuudzai chokwadi kuti rudzi urwu harungatongopfuuri kusvikira zvinhu zvose izvi zvaitika. Denga nenyika zvichapfuura hazvo asi mashoko angu haangatongopfuuri."* Muti wemuonde ndemumwe munongedzo unomiririra Isiraeri mumagwaro [verenga Hosea 9:10; Jeremia 24:1-10; Joere 1:7].

Nezuva rakange rapfuura apo akange achifamba hake nevadzidzi vake, Jesu akaona muonde muti wemuonde wakanga usina michero pauri. Akaunongedzera nokuutuka. Pakarepo muti wemuonde wakabva wasvava (Mateo 21:19). Chiitiko ichi chaive chiporofita chainongedzera hasha dzaMwari dzaizodururwa pamusoro penyika yaIsiraeri nemhosva yokuramba kwavo Mesiya.

Nerechimangwana racho Jesu vakazono taurazve nezvemuond vachiti vadzidzi vatarire kwauri, nokuti nerimwezve zuva waizotungirazve. Anowedzera achiti *"Ndinokuudzai chokwadi kuti rudzi urwu harungatongopfuuri kusvikira zvinhu zvose izvi zvaitika. Denga nenyika zvichapfuura hazvo asi mashoko angu haangatongopfuuri"* (Mateo 24:34).

Zvechokwadi muti wemuonde uyu wakatotungazve nomusi wa14 May mugore ra1948.

Tiri rudzi rwokagumisira ruri kuzviona izvi nhasi. Chetatu chiporofita chakakosha ndechokutorwazve kweguta reJerusarema izvo zvakaitika musi wa7 Chikunguru mugore ra1967, muhondo yeminana inozivikanwa nezita rokuti Six Day War (Verenga Zekaria 8:4-8).

Muhurukuro imwe cheteyo Ishe Jesu anoudza vateveri vake kuti vatarire guta reJerusarema. Mukuporofita vanoti, "*[VaJudha] Vachaurawa nemunondo uye vachaitwa vasungwa kundudzi dzose."* Vagoendererazve mberi vachiti, *"Jerusarema richatsikwa-tsikwa navaHedheni kusvikra nguva dzavaHedheni dzazadziswa"* (Ruka 21:24).

Makore makumi mana mushure memashoko iwaya, chikamu chokutanga chechiporofita ichi chakazadzikiswa apo vaRoma vakapamba nyika yeIsiraeri vakaparadzira vaJudha mupasi rose. Jerusarema rakabva mumaoko avaRoma ndokuenda kunaByzantines, uye rikanowira muArabhu, maCrusaders, vaMamelukes, Nyika yeTurkey, Bratain uye rikazonogumisira rave mumaoko enyika yeJordan.

Kwemakore anokwana chiuru nemazana masere ane makumi mapfumbamwe ane makore manomwe [1,897] Jerusarema raive pasi pevaHedheni. Kusunungurwa kwaro kwakazouya musi wa7 Chikunguru mugore ra1967. Hechinoi chirakidzo chokuti nguva yave shomana.

Chakakosha chiporofita chechina ndeicho chatiri kuona chichizadzkiswa nhasi – kupisikana kwevezvematongerwo enyika maringe nenyika yeIsiraeri (Zekaria 12:2-3). *"Ndichaita kuti Jerusarema rive mukombe unodzedzeresa ndudzi dzose dzavanhu vakapotererdza. Judha achakombwa pamwe chete neJerusarema. Pazuva iro, ndudzi dzose dzenyika padzichaungana kuti ririrwise ndichaita kuti Jerusarema rive ibwe risingazungunuswi kundudzi dzose. Vose vachaedza kurizungunusa vachazvikuvadza."* Nyika dzose pasi rose, kusanganisira nenyika yeUnited States of America dzave kutsirana nyika yeIsiraeri pamusoro peguta ravo guru renyika yavo – Jerusarema. Nyika yeVatican yeRoma Vatican inoda kuti guta iri rive pasi poutongi hwavo. Sangano reUnited Nations rinodawo kuti Jerusarema rive guta rapasi rose (International City). Nyika dzomuEurope ne United States nadzowo dziri kushishinikira kuti Jerusarema rikamururwe pakati pava Judha nevaArabhu. Ukawo vaArabhu vachitoti vanotorida rose rakadaro.

Wakagadzirira Here?

Mwari munyasha netsitsi dzavo varikutipa zvinongedzero izvi zvakawandisa kuti gadzirira kukudzokazve kweMwanakomana wavo. Chiporofita chiri kuzadziswa zuva nezuva pamberi pdeu. Jesu vanoti ivo pana Ruka 21:28, *"Panotanga kuitika zvinhu izvi mumire mugosimudza misoro yenyu, nokuti dzikinuro yenyu yoswedera."*

Mwaka uyu watosvika zvino. Tave kurarama munguva shoma shoma zvikuru. Naizvozvo mulvngeri yaRuka chitsauko 12:35-37 tinokurudzirwa kuti – *"Zvishongedzei mugadzirire kushanda uye mwenje yenyu igare ichipfuta, savanhu vakarindira kudzoka kwatenzi wavo kubva kumuchato, kuitira kuti paanouya akagogodza, vagone kukurumidza kumuzararira mukova. Zvichava zvakanaka kuvaranda avo vachawanikwa natenzi wavo vakarindira paanodzoka. Ndinokuudzai chokwadi kuti achazvishongedza iye pachake kuti ashande, achiita kuti vagare patafura agouya avashandire."*

– Chinyorwa ichi (icho chakaburitswa mumagazini yaChikumi June 2106), chakakoponorwa kubva muzvinyorwa zva David R. Reagan zvinoanganisira mabhuku ake maviri anoti ***"The Master Plan"*** uye nerimwezve rinonzi "***Living On Borrowed Time"*** ose akadhindwa neve Lamp and Light Ministries. Ose akashandiswa zvine mvumo. Dr. Reagan vanoshumira somuvhangri neve Lamb and Lion Ministries, muMcKinney, Texas munyika yeUnited States of America.

Isaya 62:1-3 *"Nokuda kweZioni handizorambi ndakanyarara, Uye nokuda kweJerusarema handizorambi ndakangopeta maoko. Kusvikira kururama kwaro kwapenya sechiedza chinobwinya uye kuponeswa kwaro kwabvira somwenje. Marudzi achaona kururama kwako, haiwa iwe mukadzi, Uye madzimambo ese achaona kukudzwa kwako. Uchashevedzwa nezita idzva, Rauchapiwa nemuromo waJehovha pachake. Uchava korona yerunako muruoko rwaJehovha, ngowani yeumambo muchanzachaMwari wako."*

Jesu Kristu Mubhuku Dzavaporofita . . .

Kuzvarwa Kwake…"Saka Jehovha iye pachake achakupai chiratidzo: Inzwai! Mhandara achava nepamuviri, uye achazvara Mwanakomana, agomutumidza zita rokuti Emanueri **(zvichireva kuti Mwari Anesu**)… **(Isaya 7:14)**

Nokuti takazvarirwa mwana, takapiwa mwanakomana; Umambo huchava pamapfudzi ake. Zita rake richanzi Gota Rinoshamisa, Mwari Ane Simba, Baba Vasingaperi, Muchinda weRugare. Kukura kwoumambo hwake norugare rwake hazvizovi namagumo…Kushingaira kwaJehovha WaMasimba Ose kuchazviita… **(Isaya 9:6-7)**

Pachigutsa chaJese pachabuda nhungirwa, Uye bukira rinobva pamidzi yake richabereka zvibereko. Mweya waJehovha uchagara paari, Mweya weuchenjeri uye wekunzwisisa, Mweya wokurayira uye wekuva nesimba, Mweya wekuziva uye wekutya Jehovha. Uye achafarira chaizvo kutya Jehovha. Haazotongi nezvaanoona nemaziso ake,

Kana kutsiura nezvaanongonzwa nenzeve dzake. Achatonga vakaderera zvakanaka, Uye achatsiura nekururama achiitira vanyoro venyika. Acharova nyika neshamhu yemuromo wake Uye achauraya munhu akaipa nemweya wekufema wemuromo wake. Kururama kuchava bhanhire rake, Uye kutendeka rigova bhanhire rehudyu yake… **(11:1-5)**

Tarirai! Muranda wangu wandinotsigira! Iye musanangurwa wangu, wandakafarira! Ndichaisa mweya wangu pamusoro pake; Achatonga marudzi zvakarurama. Haazodanidziri kana kuridza mhere, uye haazoiti kuti inzwi rake rinzwike muguta. Rutsanga rwakapwanyika haangaruvhuni, uye hapana tambo inopfungaira yaachadzima. Mukutendeka achaunza kururama. Chiedza chake hachizoendi chichipera uyewo haazopwanyiwi kusvikira aita kuti panyika pave nekururama; Kana kuti "Uye zvitsuwa zvinoramba zvichimirira mutemo wake. Zvanzi naMwari wechokwadi, Jehovha, Musiki wedenga, iye Mukuru akaritatamura, Iye akatambanudza nyika nezvibereko zvayo, Iye anopa vanhu vari pairi mweya wekufema Nemweya kune vaya vanofamba mairi: "Ini Jehovha, ndakakudana mukururama; Ndakakubata ruoko rwako. Ndichakuchengetedza ndigoita kuti uve sungano yevanhu, Uye chiedza chemarudzi, Kuti usvinudze maziso akapofumara, Kuti ubudise musungwa mutirongo uye usunungure vari mugomba, avo vagere murima. Ndini Jehovha. Ndiro zita rangu; Hapana wandinopa kukudzwa kwangu…" **(42:1-6)**

Ndiani akatenda zvaakanzwa kwatiri? Uye kana ruri ruoko rwaJehovha, rwakaratidzwa kuna ani? Achabuda sekabazi pamberi pake, semudzi munyika yakaoma. Haana chimiro chinoyemurika, kana kubwinya; Uye patinomuona, chimiro chake hachiiti kuti timufarire. Akazvidzwa uye akarambwa nevanhu, Munhu ainzwisisa marwadzo uye aiziva kurwara. Zvaiita sekuti chiso chake chakanga chakahwandiswa kuti tisachiona. Akazvidzwa, uye takamuona seasingakoshi. Chokwadi iye akatakura zvirwere zvedu, Uye akatakura marwadzo edu. Asi isu takamuona seari kutambura nechirwere, seakarohwa naMwari uye seakarwadziswa. Asi iye akabayiwak nekuda kwekudarika kwedu; Akapwanyiwa nekuda kwekukanganisa kwedu. Akabvuma kurangwa kuti tive nerugare, Uye maronda ake akaita kuti tiporeswe. Isu tese tadzungaira semakwai, Mumwe nemumwe atsaukira kunzira yake, Uye Jehovha aita kuti kukanganisa kwedu tese kuve paari. Akadzvinyirirwac uye akabvuma kutambudzwa, Asi aisashama muromo wake. Akaunzwa segwai kuzourayiwa, Senhunzvi yegwai akanyarara pamberi pevaveuri vayo, Uye aisashama muromo wake. Iye akabviswa nemhaka yekutongwa zvisina kunaka; Uye ndiani achafunga nezvemashoko edzinza rake? Nekuti iye akabviswa panyika yevapenyu; Akarohwa nekuda kwekudarika kwevanhu vangu. Paakafa akapiwa nzvimbo yekuvigwapamwe chete nevakaipai Uye pamwe chete nevapfumi, Kunyange zvazvo pasina chakaipa chaakanga aita Uye pasina mashoko ehunyengeri aakataura… **(53:1-9).**

[**Savatendi tinofanira Kuropafadza Isiraeri...** Genesisi 12:3. *Ndicharopafadza vaya vose vanokuropafadza, uye aninaani ano kutuka ndichamutuka; uye marudzi ose ari panyika acharopafadzwa kubudikidza newe...* Isaya 62:1 "Nokuda kweZioni handinganyarari, nokuda kweJerusarema handingarambi ndinyerere, kusvikira kururama kwake kwapenya samambakwedza, noruponeso rwake somwenje unopfuta..." VaRoma15:27. "Nokuti vakaona [Kereke yeMakedonia] zvakanaka kuti vaite izvi, uye zvirokwazvo vanengava kuti vavaitire izvi. Nokuti kana veDzimwe Ndudzi vakagovanawo pazvinhu zvoMweya zvavaJudha, vanengavawo kuvaJudha kuti vagoverane navo pazvinhu zvavo zvenyika ino...."]

Chivi Nokudzikinurwa

Shoko raMwari rinoti mubayiro wezvivi ndirwo rufu (VaRoma 6:23). Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira charango chacho chokufa pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* (Isayo 53:5), Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, (VaRoma 6:11-14); kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa (Mabasa 2:38-39; VaRoma 10:9-10).

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* (VaRoma 3:23). *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* (VaRoma 6:23).

2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke…Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* (Isaya 55:7).

3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu…kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* (1 Korinde 15:3-4), vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"…Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa"* (VaRoma 10:9).

4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* (VaKorose 2:6).